

# PWOTEKSYON KONSOMATÈ YO KONSEY POU

# IMIGRE YO

*Imigre yo gen difikilte yo sèl konfwonte nan travay ak sou mache a.  
Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a kreye konsèy sa yo pou  
edike imigran yo sou dwa yo ak kikote yo dwe ale pou yo jwenn èd.*

## ANNDAN:

- Sèvis Asistans pou Imigrasyon p.3
- Ajans pou Anplwa p.5
- Finans p.8
- Preparasyon Taks p.11



Consumer and  
Worker Protection

Mayor's Office of  
Immigrant Affairs

Small Business  
Services



# KONSEY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU IMIGRE YO: SÈVIS ASISTANS POU IMIGRASYON

## ANVAN OU KONTINYE LI...

### Jwenn asistans gratis.

Vil la ofri analiz sityasyon legal pou imigrasyon ki san danje ak gratis. Al gade nan [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants) oswa rele nan 1-800-354-0365. Al gade ASISTANS GRATIS ak LÒT RESOUS.

## Si ou travay avèk yon Founisè Sèvis Asistans pou Imigrasyon, men kèk konsèy pou ede ou.

Founisè Sèvis Asistans pou Imigrasyon se moun oswa biznis ki chaje frè pou kèlkeswa sèvis ki gen pou wè ak imigrasyon. Se pa avoka yo ye. Yo pa gen pèmisyon gouvènman an pou bay konsèy sou imigrasyon.

Founisè sa yo otorize pou:

- Tradwi ak notarye dokiman.
- Ede ou jwenn dokiman (tankou yon batistè oswa dosye lekòl).
- Tape fòm aplikasyon yo ak machin a ekri (men pa pou bay konsèy sou fason pou reponn kesyon yo).
- Fè aranjman pou pran foto oswa fè tès medikal.
- Ede ou prepare pou tès lang Angle oswa tès sitwayènte yo.

Founisè sa yo pa otorize pou:

- Seleksyone fòm imigrasyon ou ta dwe voye.
- Bay konsèy legal konsènan dokiman ou dwe remèt yo.
- Esplike opsyon imigrasyon ou yo.
- Diskite dosye w la avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini (USCIS).



### KONSEY

- Konnen ki fòm aplikasyon ou dwe voye lè ou ale wè yon founisè.
- Ale wè founisè ki gen yon adrès fizik sèlman. Pa janm sèvi ak youn ou kapab kontakte sèlman nan telefòn owa nan imèl.
- Pa kwè okenn founisè ki deklare li gen enfiyans espesyal sou otorite imigrasyon yo.
- Founisè yo dwe siyen yon kontra alekri avèk ou anvan pou yo bay sèvis. Li kontra a anvan ou siyen li. Kenbe yon kopi nan dosye ou.
- Pa bay dokiman orijinal yo (tankou yon ak maryaj). Bay kopi alaplas.
- Mande pou yo ba ou yon resi alekri. Asire ou pou resi an gen menm non ak adrès founisè a sou li.
- Pa siyen okenn fòm ki enkonplè oswa ki pa gen anyen ki make sou li. Ensiste pou founisè a siyen kèlkeswa fòm li prepare pou ou.
- Founisè yo dwe kenbe yon kosyon pou pwoteksyon ou. Ekri non ak enfòmasyon kontak konpayi oswa bank ki bay kosyon an. Si ou sibi yon domaj, ou kapab ale devan yon tribinal pou mande kòb la nan men founisè a oswa konpayi kosyònman li an.
- Depoze yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) a anliy sou [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) oswa kontakte 311 pou depoze yon plent nan lang ou. Ou pa bezwen bay non ou oswa sityasyon imigrasyon ou pou pote plent. Remak: Si w t a renmen DCWP kontakte w, ou dwe bay non w ak adrès ou.
- Rele 311 oswa al gade nan [nycourts.gov](http://nycourts.gov) epi chèche Komisyon Disiplinè pou Avoka/Komisyón Doleyans ("Attorney Disciplinary/Grievance Committee") pou pote plent pou yon avoka.

# FÈ ATANSYON...

Nan Eta New York, yon notè publik oswa notario público, pa yon avoka. Yon notè publik pa kapab bay konsèy legal, prodwi dokiman legal oswa analize legalite dokiman.

Pa janm peye pou fòm leta ki pa ranpli. Fòm yo disponib gratis sou wèbsayt USCIS lan nan [uscis.gov](#). Founisè yo pa oblige bay fòm gratis.

## ASISTANS GRATIS

- Vil New York (NYC) ofri egzamen sitiyasyon jiridik pou imigrasyon ki san danje epi gratis nan kominate w la, nan pwòp lang ou. Al gade nan [nyc.gov/immigrants](#) oswa rele 1-800-354-0365.

### ENPÔTAN

- Ajans Vil la ki bay sèvis sosyal dirèk dwe fè aranjman pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang natifnatal ou an.
  - Ajans Vil la pa kapab mande ou sityasyon imigrasyon ou eksepte si sa nesesè pou detèmine si ou elijib pou resevwa yon benefis oswa yon sèvis.
- 
- Rele Nimewo gratis Imigrasyon Eta New York lan nan 1-800-566-7636 oswa 1-212-419-3737 pou jwenn enfòmasyon osijè konsèy imigrasyon oswa èd gratis.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Imigre yo:
  - AJANS ANPLWA
  - FINANS
  - PREPARASYON TAKS
- Al gade nan [nyc.gov/dcwp](#) pou jwenn plis enfòmasyon, ikonpri yon [egzanp kontra sèvis asistans pou imigrasyon](#).
- Biwo Majistra a pou Zafè Imigre (Mayor's Office of Immigrant Affairs - MOIA): Al gade nan [nyc.gov/immigrants](#) pou jwenn enfòmasyon osijè sèvis legal ak sèvis Vil la pou imigre.
- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini (U.S. Citizenship and Immigration Services - USCIS): Al gade nan [uscis.gov](#) oswa rele nan 1-800-870-3676 pou jwenn fòm USCIS yo.
- Biwo Pwokirè Jeneral New York (New York Attorney General's Office): Al gade nan [ag.ny.gov](#) epi chèche nan "Fwòd Imigrasyon" pou jwenn enfòmasyon ak resous anplis.
- Komisyon Federal pou Komès (Federal Trade Commission - FTC): Al gade nan [ftc.gov](#) epi chèche "eskwokri kont imigre" pou jwenn plis enfòmasyon ak resous. Li:
  - [Eskwokri kont Imigre yo](#)
  - [Detekte, Evite epi Rapòte Eskwokri yo: Yon Gid sou Fwòd pou Refijiye ak Imigre ki fèk Vini](#)
- Asosyasyon Bawo Vil New York (New York City Bar Association): Rele nan 1-212-626-7373 pou jwenn referans pou yon avoka.

# KONSEY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU IMIGRE YO: AJANS ANPLWA

## ANVAN OU KONTINYE LI...

### Kisa yon ajans pou anplwa ye?

Yon ajans pou anplwa ede anplwayè yo jwenn anplwaye e li ede moun k ap chèche djòb jwenn yon travay depi yo peye yon frè pou sèvis la.

### Jwenn èd gratis.

Vil la ofri èd gratis pou moun k ap chèche djòb. Al gade nan [nyc.gov/workforce1](http://nyc.gov/workforce1) oswa rele nan 311 epi mande kote gen yon Workforce1 Career Center.

**Si ou travay avèk yon ajans anplwa pou jwenn yon djòb, men konsèy ki ka ede ou.**

## KONSEY JENERAL

### ■ Itilize yon ajans pou anplwa ki gen lisans.

Ajans anplwa yo dwe genyen yon lisans yo resevwa nan men Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP).



Al gade nan [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) oswa rele nan 311 pou verifye si ajans lan gen yon lisans ak pou tcheke tout plent moun pote kont li.

## ENPÒTAN

- Ajans pou anplwa pa kapab fè ou peye pou lòt sèvis tankou klas fòmasyon oswa sètifikasyon.
- Èske w enskri nan yon lekòl ki bay fòmasyon nan domèn sekirite? Li dwe anrejistre avèk Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la.
- Èske ou enskri nan yon lekòl ki bay fòmasyon pou travay nan ba? Biwo Sipèvizon Lekòl Pwopriyete Eksklizif Eta New York lan sipèvize lekòl ki bay fòmasyon pou travay nan ba.

### ■ Pa sèvi ak ajans pou anplwa ki “garanti” djòb.

Ajans pou anplwa yo pa kapab garanti yo pral jwenn yon djòb pou ou. Sèl bagay ajans yo kapab fè se refere ou nan djòb ki disponib epi ki peye omwen salè minimòm la.



Salè minimòm la se lejislasyon Eta New York State ak lejislasyon federal ki fikse li. Al gade nan [dol.ny.gov](http://dol.ny.gov) pou jwenn salè minimòm Eta New York lan.

### ■ Konnen kijan frè ajans anplwa yo fonksyone.

Ajans anplwa yo pa ka mande pou w peye yon frè depi anvan yo fè w jwenn yon travay.

Frè yo pa ka depase montan maksimòm lalwa fikse a.



Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou w konsilte Lwa ak Règ sou Ajans Travay yo, ki gen enfòmasyon sou frè yo.

Ou gen dwa resevwa yon ranbousman total si ajans lan te fè w peye:

- Frè alavans, frè depo, frè enskripsyon, frè aplikasyon oswa frè pou w pase entèvyou; OSWA
- Pou refere w bay yon lòt ajans anplwa oswa lekòl fòmasyon; OSWA
- Pou nenpòt eleman adisyonèl tankou kou fòmasyon, foto oswa revizyon CV.

- **Egzije yon kontra alekri ki presi.** Ajans yo dwe ba ou kontra a okonplè anvan ou siyen li. Kontra ou ta dwe genyen:
  - Non, adrès ak nimewo lisans DCWP te bay ajans lan.
  - Tip travay la
  - Pri
  - Kalandriye peman frè yo

Asire ou kontra alekri an koresponn ak antant aloral ou te genyen an.

Anvan pou ou siyen, mande ajans lan reponn tout kesyon ou yo alekri.

Ajans lan dwe ba ou yon kopi kontra a ak yon resi pou chak peman. Kenbe tout kopi yo nan yon kote ki an tout sekirite.
- **Pa reponn kesyon ki ilegal.** Eksepte si se kalifikasyon ki valab pou djòb la, li ilegal pou yon anplwayè oswa yon ajans poze kesyon konsènan:
  - Laj
  - Ras
  - Kwayans
  - Relijyon
  - Koulè
  - Orijin nasyonal
  - Sèks (si se fi oswa gason)
  - Andikap
  - Eta civil
  - Sityasyon antanke patnè domestik
  - Sityasyon antanke moun k ap bay yon lòt moun swen
  - Oryantasyon seksyèl
  - Sityasyon antanke etranje oswa sityasyon sitwayènte

- **Depoze yon plent nan DCWP.** Depoze yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) a anliy sou [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) oswa kontakte 311 pou depoze yon plent nan lang ou. Ou pa bezwen bay non ou oswa sityasyon imigrasyon ou pou pote plent. *Remak:* Si w t a renmen DCWP kontakte w, ou dwe bay non w ak adrès ou.

## FÈ ATANSYON...

### LEKÒL PREDATÈ

Gen dè santèn lekòl ki travay pou pwofi nan Vil NY. Klas yo ofri tout kalite fòmasyon, tankou reparasyon aparèy lè kondisyon ak kosmetoloji oubyen fòmasyon teknisyen medikal. Sèten lekòl gendwa fè elèv yo fè bagay ki pa bon. Yo gendwa:

- Fè ou pran anpil èd finansyè.
- “Garanti” ou pral jwenn yon djòb apre ou fin gradye.
- Bay manti sou valè diplòm ou an, ikonpri si yo pral transfere kredi ou nan yon lòt lekòl.

*Sonje:*

- Èd finansyè se anjeneral yon prè ou dwe repeye. Se pa yon bousdetid.
- Fè rechèch sou plizyè lekòl.
- Pa enskri menm jou ou vizite yon lekòl.
- Mande yo ba ou politik lekòl la pou anilasyon ekolaj la alekri.

**Rele 311** pou depoze yon plent kont yon lekòl edikasyon siperyè.

## ASISTANS GRATIS

- Al gade nan [nyc.gov/workforce1](http://nyc.gov/workforce1) oswa rele nan 311 epi mande ki kote gen yon Workforce1 Career Center gratis.
- Al gade nan [nyc.gov](http://nyc.gov) oswa rele nan 311 epi mande ki kote ou kapab jwenn pwogram edikasyon pou adilt ki bon mache oswa ki gratis.

## ENPÒTAN

- Ajans Vil la ki bay sèvis sosyal dirèk dwe fè aranjman pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang natifnatal ou an.
- Ajans Vil la pa kapab mande ou sityasyon imigrasyon ou eksepte si sa nesesè pou detèmine si ou elijib pou resevwa yon benefis oswa yon sèvis.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Imigre yo:
  - FINANS
  - SÈVIS ASISTANS POU IMIGRASYON
  - PREPARASYON TAKS
- Al gade nan [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou jwenn plis enfòmasyon, ikonpri:
  - [Deklarasyon Dwa Moun k ap Chèche Djòb](#)
  - [Deklarasyon Dwa Anplwaye ak Responsabilite Anplwayè yo](#) (anplwaye nan kay oswa domestik)
  - [Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi Peye Vil New York](#)
  - [Lwa Vil NY sou Benefis pou Pasaje ki Fè Ale-Retou](#)
- Biwo Majistra a pou Zafè Imigre (MOIA): Al gade nan [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants) pou jwenn enfòmasyon konsènan [Travayè Imigre](#).
- Sèvis pou Ti Biznis (SBS): Ale sou [nyc.gov/sbs](http://nyc.gov/sbs) pou [Karyè Pwofesyonèl](#).
- Komisyun Dwa de Lòm: Al gade nan [nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights) oswa kontakte 311 pou pote plent osijè diskriminasyon. Li [Imigre ak Dwa de Lòm nan Vil NY nan Travay ak Lakay](#).

# KONSEY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU IMIGRE YO: FINANS

## KONSEY JENERAL

- **Ouvri yon kont nan yon bank oswa nan yon kowoperativ (Credit union).**
  - **Kont NYC SafeStart** la se yon kont epay ou ka kòmanse ak li ki san danje epi abòdab. Kèk nan karakteristik li yo:
    - ◆ P ap gen frè si kont ou gen yon sòld negatif (debitè)
    - ◆ Depi w respekte balans minimòm nan ou pa p gen frè pou w peye chak mwa
    - ◆ Egzijans pou balans minimòm nan se 25 dola oswa mwens pase sa, selon enstitisyon finansyè a
    - ◆ Kat ATM oswa kat debi

Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) oswa kontakte 311 pou w jwenn plis enfòmasyon sou [NYC SafeStart Account](#).

- Ou ka sèvi ak IDNYC (Kat Identifikasiyon Vil New York) pou w ouvri yon kont chèk oswa yon kont epay nan youn nan bank oswa kès epay ki aksepte IDNYC yo.

Vizite [nyc.gov/idnyc](http://nyc.gov/idnyc) oswa kontakte 311 pou w konn kote siksal yo ye.

Gade nan paj 9 POU W KONNEN KISA W DWE CHÈCHE NAN YON KONT CHÈK KI SAN DANJE AK BON MACHE.

- **Ajan Transfè Lajan yo se pa toujou opsyon ki pi bon mache an, kidonk toujou konpare pri yo.** Chèche konnen pri yo nan plizyè enstitisyon finansyè, konpayi/ ajan transfè lajan ak transfè lajan sou Entènèt pou jwenn pibon fason pou voye lajan lakay ou. Gade frè a ak to dechanj lan ansanm ak kijan ak ki kote fanmi an pral pran lajan an.
- **Evite biznis lokasyon avèk opsyon pou achte.** Li koute trè chè pou sèvi ak biznis lokasyon avèk opsyon pou achte pou achte atik kay. An mwayèn, kliyan ki lwe yon pòsyon bagay ase lontan pou rive posede yo peye plis pase doub pri a—sa ki ekivalan ak yon pouasantaj anyèl (Annual Percentage Rate, APR) ki depase 100 pouzan.<sup>1</sup> Biznis sa yo pa konn bese pri yo anpil. Al gade tout kote pou jwenn pi bon òf la.
- **Fè atansyon avèk kat debi ki prepeye yo.** Yon kat debi ki prepeye gendwa ede ou pa depase bidjè ou men siveye frè ki kache yo.

- **Prè sou salè ilegal nan New York.** Yon prè sou salè se yon prè akoutèm ou dwe ranbouse anjeneral pwochen fwa ou touche salè ou an. Moun ki prete lajan sa a peye frè ak to enterè ki trè wo. Si ou resevwa yon òf pou yon prè sou salè, tanpri rapòte I ba Depatman Eta New York pou Sèvis Finansye (New York State Department of Financial Services) nan nimewo 1-800-342-3736 oswa al gade nan [dfs.ny.gov](http://dfs.ny.gov).

## ENPÒTAN

Si ou pa gen lajan pou peye lwave a oswa pou yon lòt bezwen enpòtan, men kèk altènativ ou ta dwe konsidere:

- Jwenn plis enfòmasyon osiè pwogram asistans pou ijans Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration - HRA) yo, ikonpri asistans ak lajan kach. Rele 311 oswa al gade nan [nyc.gov/hra](http://nyc.gov/hra) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Gade si ou pa ka jwenn yon ti prè lajan nan men yon kès depay oswa yon bank. Pa bliye chèche byen pou jwenn to enterè ki pi ba yo.
- Mande anplwayè ou enfòmasyon konsènan avans sou salè. Li politik ki alekri an. Siveye frè yo chaje yo pou pou asire yo rezonab.
- Mande fanmi oswa zanmi pou yon ti prè.
- Founisè kat kredi ou gendwa ba ou yon avans lajan kach. Li ka gen yon to enterè ki pi wo pase yon prè kès depay oswa labank. Pa bliye konpare tout depans yo.

- **Evite sosyete ankèsman chèk yo.** Lè ou sèvi ak yon konpayi ankèsman chèk, sa gendwa koute ou anmwayèn \$475 nan frè chak ane. Kont labank ak kont kès depay ki bon mache e ki an tout sekirite, mwen chè pase lè ou itilize konpayi ankèsman chèk.
- **Pran kontwòl dèt ou.** Dèt kapab akimile rapidman epi domaje rapò kredi ou, kapasite pou ou lwe yon apatman oswa pou achte yon kay, ak plis bagay toujou. Vil la kapab ede ou boule avèk kreyansye ak kolektè dèt, konsolide peman epi kreye yon plan peman. Al gade nan ASISTANS GRATIS.

<sup>1</sup> Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Avril, 2021). Nouvo Lweyaj sou Pri Acha A: Koze Plis Konfizyon, Toujou Chè, epi yo Ofri I nan yon Magazen nan Vil New York ki Toupre W. <https://www.nyc.gov/assets/dca/downloads/pdf/partners/Lease-To-Own-Report.pdf>

## KISA POU CHÈCHE LÈ W AP LOUVRI YON KONT KOURAN KI AN TOUT SEKIRITE E KI BON MACHE:

### Pa gen frè oswa frè yo ba

- Frè dantretyen oswa frè sèvis ki \$3 oswa mwens
- Itilizasyon gratis gichè otomatik ATM andedan rezo an
- Pa gen frè pou itilize kat debi
- Pa gen opsyon dekouvè (overdraft) pou acha ak kat debi oswa pou retire lajan nan ATM

### Minimòm ak Tranzaksyon yo

- Egzijans pou balans minimòm ak pou depo inisyal ki ba (\$25 oswa mwens)
- Anpil fason pou tcheke balans sou kont ou gratis (nan Entènèt, telefòn, mesaj tèks, ATM)
- Pa gen okenn egzijans frè mansyèl pou tranzaksyon ki rezonab (pa egzanp, depo dirèk, ATM)

# FÈ ATANSYON...

### PRÈ KI GEN KONDISYON ABIZIF

- Sèten enstitisyon finansyè ofri prè pou “sitwayènte” oswa “imigrasyon”. Prè sa yo sipoze ede peye pri aplikasyon pou naturalizasyon ak frè legal yo. Si w ap konsidere tip prè sa a, pa blyie konpare tèm ak kondisyon pou divès bank ak kès depay. Al gade nan ASISTANS GRATIS.
- Prè pou machin dezyèm men se yon tip prè ki gen kondisyon abizif nou konn wè anpil. Souvan, prè sa yo pa bon pou moun k ap prete lajan an. Tankou pou lòt kalite prè yo, chèche epi konpare tèm ak kondisyon yo pou jwenn òf ki pibon pou ou an.

### ESKWOKRI FINANSYÈ KI VIZE IMIGRE YO

- **Eskwokri pou Benediksyon:** Yon moun di ou yon move bagay ap rive ou oswa ap rive yon moun nan fanmi ou si ou pa resevwa yon benediksyon sou fòtin ou an. Anjeneral, “fòtin” vle di lajan kach ak bijou. Ou dwe pote fòtin ou nan yon sak pou yo kapab beni li. Pandan “benediksyon” an, yo vòlè fòtin ou. Nan Vil New York, eskwokri sa yo te sible kominate Chinwaz la.
- **Eskwokri Sèk Prete Lajan:** Nan anpil kominate imigre, sèk prete lajan enfòmèl se yon fason pou jwenn lajan lè ou pa kapab mande labank oswa kès depay lajan. Patisipan yo peye yon lajan chak mwa. Ou resevwa yon peman lè se ou ki devan ankò. Chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan kèlkeswa sèk ki prete lajan anvan ou deside patisipe ladann.
- **Eskwokri pou Divinasyon:** “Divinasyon” illegal nan New York. Pa gen pèsòn ki gen dwa fè ou peye lajan pou predi lavni ou oswa pou retire yon malediksyon sou ou.

### ASISTANS GRATIS

- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center. Rele 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan [nyc.gov/TalkMoney](http://nyc.gov/TalkMoney) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Mande yon kopi gratis rapò kredi ou epi analize li byen. Ale nan [annualcreditreport.com](http://annualcreditreport.com) oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.
- Vil New York ofri kontwòl legal pou imigrasyon ki san danje epi gratis nan kominate w la, nan pwòp lang ou. Al gade nan [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants) oswa rele 1-800-354-0365.
- Kou biznis ki gratis disponib nan lang Arab, Bengali, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris ak Panyòl atravè Inisyativ Biznis Imigran Vil la. Al gade nan [nyc.gov/immigrantbusinesses](http://nyc.gov/immigrantbusinesses) oswa rele nan 311 epi mande pou Business Services for Immigrants.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Imigre yo:
  - AJANS ANPLWA
  - SÈVIS ASISTANS POU IMIGRASYON
  - PREPARASYON TAKS
- Epitou al gade nan [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou jwenn plis enfòmasyon osijè eskwokri.
- Biwo Majistra a pou Zafè Imigre (Mayor's Office of Immigrant Affairs - MOIA): Al gade nan [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants) pou jwenn enfòmasyon osijè sèvis legal ak sèvis Vil la pou imigre.
- Sèvis pou Ti Biznis (SBS): Al gade nan [nyc.gov/immigrantbusinesses](http://nyc.gov/immigrantbusinesses) oswa kontakte 311 pou jwenn enfòmasyon osijè sèvis gratis pou pwopriyetè biznis. Se SBS ki jere NYC Business Solutions Centers ansanm ak Immigrant Business Initiative lan.

# KONSEY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU IMIGRE YO: PREPARASYON TAKS

## ANVAN OU KONTINYE LI...

### Jwenn asistans gratis.

Vil la ofri Preparasyon Taks gratis (NYC Free Tax Prep) pou abitan New York ki elijib. Al gade nan nyc.gov/taxprep oswa rele nan 311 pou jwenn plis enfòmasyon. Al gade nan ASISTANS GRATIS.

## KONSEY JENERAL

Si ou peye yon moun pou fè taks ou pou ou, men kèk konsèy ki ka ede ou.

- Chèche konnen si moun k ap prepare taks ou yo gen otorizasyon pou fè taks pou moun (li dwe akredite). Chak moun ki prepare taks nan Eta New York dwe enskri avèk Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York. Al gade nan [tax.ny.gov](http://tax.ny.gov) pou jwenn yon baz done pou fè rechèch ou yo.



Rele 311 pandan lè travay yo epi mande pou yo transfere w bay Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP) a pou verifye si biznis la te resevwa plent.

- Konnen ki dwa ou genyen. Moun ki prepare taks yo dwe:
  - Ba ou yon kopi gratis, aktyalize e ki lizib de Deklarasyon Dwa Konsomatè Konsènan Moun ki Prepare Taks anvan pou yo kòmanse kèlkeswa diskisyon osijè sèvis preparasyon taks avèk ou. Vizite [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) pou w konsilte Deklarasyon Dwa Konsomatè Konsènan Moun ki Prepare Taks yo nan 12 lang.
  - Afiche kalifikasyon yo, frè yo chaje ak si yo pral reprezante ou si gen yon odit leta ap fè sou ou.
  - Siyen chak dekarasyon taks.
  - Ba ou yon kopi deklarasyon taks ou ansann ak yon resi ki detaye tout frè yo oswa yon deklarasyon sou sèvis li ba ou yo.



Pa janm siyen yon deklarasyon taks ki vid, ki pa konplè oswa yo ranpli ak yon kreyon. Yon moun gendwa chanje sa ki make ladann apre sa.

- Mande yon estimasyon epi konpare resi detaye an oswa deklarasyon sèvis lan pa rapò ak pri ki afiche yo. Ou gen dwa mande pou yon estimasyon anvan moun lan prepare taks yo pou ou. Moun ki prepare taks pa gen dwa fè ou peye frè ki baze sou kantite taks ou dwe oswa sou sa yo prevwa yo pral ranbouse ou.

- Evite pwodui ki baze sou antisipasyon yon ranbousman. Yon Chèk Antisipasyon Ranbousman (Refund Anticipation Check - RAC) oswa Transfè Ranbousman se fason ki chè anpil pou peye frè pou preparasyon taks pi devan. Yon Prè Lajan pou Antisipasyon Ranbousman (Refund Anticipation Loan - RAL) se yon prè ki gen enterè elve. Pwodui sa yo p ap fè yo ranbouse ou pi vit.

## ENPOTAN

- Si ou sèvi ak yon RAL oswa yon RAC, sa pral koute ou lajan epi bese montan total ranbousman w ap resevwa a.
- Moun ki bay prè an gendwa fè ou peye frè ak enterè. Moun ki prepare taks yo ki te ofri prè a pa kapab ajoute chaj oswa frè poutèt li te prepare aplikasyon ou pou RAL la.
- Li pa legal pou yon moun ki prepare taks deklare ke yon RAL se yon "ranbousman enstantane," yon "ranbousman rapid," yon "ranbousman eksprès," "Lajan Davans (preFund)," "kach rapid," oswa nenpòt lòt ekspresyon konsa ki kache lefèt ke RAL se yon prè lajan li ye.
- Moun ki prepare taks ou yo pa kapab mande ou pran yon RAL.



Mande enfòmasyon osijè anrejistremán deklarasyon elektwonik (electronic filing), depo dirèk ansanm ak lòt opsyon pou akselere peman ranbousman yo. Si ou sèvi ak depo dirèk, ou gendwa resevwa ranbousman taks federal ou ant 8 ak 14 jou ouvrab apre virman an.

- **Li ti lèt ki enprime yo osijè kat prepeye ak koupon kado.** Sèten moun ki prepare taks ofri pou yo mete enpe oswa tout ranbousman ou sou yon kat prepeye oswa yon koupon kado. Pa bliye tcheke konbyen kòb moun ki prepare taks yo chaje pou opsyon sa a. Epitou, konnen montan yo chaj yo pou itilize, pou pa itilize oswa pou rechaje kat la; si kat la gen yon dat ekspirasyon; epi kisa ki rive si ou pèdi kat la.
- **Depoze yon plent nan DCWP.** Depoze yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) anliy sou [nyc.gov/dcwp](http://nyc.gov/dcwp) oswa kontakte 311 pou depoze yon plent nan lang ou. Ou pa bezwen bay non ou oswa sityasyon imigrasyon ou pou pote plent. *Remak:* Si w t a renmen DCWP kontakte w, ou dwe bay non w ak adres ou.

# FÈ ATANSYON...

## BIZNIS PREDATÈ

Kèlkeswa moun lan ki prepare taks ou yo, montan ranbousman ou pa ta dwe chanje. Fè atansyon pou moun ki prépare taks ki di yo kapab fè yo ranhouse ou plis lajan.

## ESKWOKRI SÈVIS KÒLÈK LAJAN TAKS (INTERNAL REVENUE SERVICE - IRS)

Ou kapab resevwa yon koutfil nan men IRS swa ki menase ou poutèt ou dwe lajan oswa ke yo dwe ranhouse ou anpil lajan. **PYÈJ LA:** Ou dwe konfime oswa bay enfòmasyon oswa fè yon peman.

*IRS p ap janm:*

- *Rele ou nan telefòn ni voye yon imèl ba ou pou chèche jwenn enfòmasyon pèsònèl oswa finansyè ou yo.*
- *Mande ou fè yon peman ak yon koupon kado.*

## ASISTANS GRATIS

- Ou gendwa kalifye pou sèvis preparasyon taks gratis NYC Free Tax Prep, ki gen ladann anrejistreman deklarasyon taks la sou Entènèt oswa fas-a-fas avèk yon volontè ki prepare taks pou VITA/TCE e ki sètifye pa IRS. Pou plis enfòmasyon, tankou sou kalifikasyon revni, lis dokiman ou bezwen pou w deklare enpo w, vizite [nyc.gov/taxprep](http://nyc.gov/taxprep) oswa rele 311 epi mande èd pou preparasyon taks ou.

## ENPÔTAN

- Ou kapab itilize IDNYC kòm prèv idantite pou deklare taks ou yo.
- Sèten sit preparasyon taks gratis NYC Free Tax Prep ka ede ou aplike pou yon Nimewo Kontribyab Endividiyèl (Taxpayer Identification Number - ITIN). Gade detay sit la.
  - Yon ITIN se yon nimewo tretman taks IRS bay. IRS bay ITIN yo ba etranje ak lòt moun toujou ki dwe rapòte oswa deklare taks federal epi ki pa kalifye pou nimewo Sekirite Sosyal yo.
- Si w ap travay ak pwòp tèt ou, ou dwe deklare enpo w chak ane epi peye estimasyon enpo w yo chak trimès. Sit Preparasyon Taks Gratis Vil New York spesyalman pou moun k ap travay ak tèt yo ofri resous gratis pou ede w grandi biznis ou, ki gen ladan yo:
  - Preparasyon Taks Espesyalize An Pèsòn: Jwenn èd pou w ranpli deklarasyon estimasyon enpo trimestriyèl ou nan nivo federal ak nan Eta New York.
  - Atelye: Aprann baz pi bon pratik yo sou sa ki gen pou wè avèk deklarasyon enpo epi konsèvasyon dosye.
  - Konsiltasyon Endividiyèl: Jwenn èd pèsonalize ak zouti espesifik pou biznis ou a.
  - Zouti ak Plis Toujou: Jwenn modèl sou konsèvasyon dosye epi konsèy. Epi tou, chèche konekte avèk sèvis epi resous Vil la ki gratis pou ede w konstui byen epi fè biznis ou grandi.

- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center pou kapab optimize yon ranbousman taks. Rele nan 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan [nyc.gov/TalkMoney](http://nyc.gov/TalkMoney) pou jwenn plis enfòmasyon.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Imigre yo:
  - AJANS ANPLWA
  - FINANS
  - SÈVIS ASISTANS POU IMIGRASYON
- Biwo Majistra a pou Zafè Imigre (Mayor's Office of Immigrant Affairs - MOIA): Al gade nan [nyc.gov/immigrants](http://nyc.gov/immigrants) pou jwenn enfòmasyon osijè sèvis legal ak sèvis Vil la pou imigre.

**NÒT**



“

Pou pwoteje ak  
amelyore lavi  
ekonomik toulejou  
abitan Vil New York  
pou kreye kominate  
ki pwospè.

”